# ҚАРАҚАЛПАҚЛАРДА «ЖАЙ ТОЙ»ЛАРДА БЕРИЛЕТУҒЫН АЙЫРЫМ САЎҒА ТҮРЛЕРИ

**Тәжетдинова Бағила Нурғалиевна**
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*
*Тарийх факультети, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан тарийхы кафедрасы стажёр оқытыўшысы*

Халықлар турмысында турақ жай, жасаў орны ямаса баспана сыяқлы мазмунға ийе атамалар олардың турмысында жүдә әҳмийетке ийе. Бул турақ жайлар мәселеси халықтың күнделикли турмысы ҳаққында бай мағлыўматларды бериўши этнография илиминиң материаллық мәдению сыпатында үйренилиўши ең тийкарғы бағдарларының бири есапланады.

Қарақалпақлардың этнографиялық изертлеўлеринде турақ жай ҳаққындағы дәслепки изертлеўлерди А.С.Морозова [3] әмелге асырған. Турақ жай мәселеси Т.А. Жданко [2], У.Х. Шалекенов [6], Х.Есбергенов [1] сыяқлы бир қатар изертлеўшилер тәрепинен изертленген.

Кейинги дәўир изертлеўшилеринен Н.Тлеўмуратова [4]ның изертлеўлериде тийкарғы жасаў орны болған қараүй қурылысы, оның безетилиўи, хожалық үскенелериниң орнатылыўы ҳаққында сөз етиледи. Соның менен бирге, Н.Тлеўбергенова изертлеўлеринде көшпели үйлер ҳәм қарақалпақлардың үй-жайлар менен байланыслы болған мәресим ҳәм диний исенимлерине байланыслы мәселелери ҳаққында изертлеўлер алып барады [5]. Изертлеўши Г.Хожаниязова [7: 66-70] турақ жай мәселеси бойынша изертлеўлер жүргизип, заманагөй турақ жайлар қурылысындағы «жай көмек» мәселесине итибар қаратады. Изертлеўши жай көмек мәселесин үйренер екен, қарақалпақларда *«шарқыраўық қәде»* дәстүриниң атқарылыўы ҳаққында да тоқталып, тийкарынан туўысқанлар тәрепинен берилетуғын жәрдемлер менен бирге қоңсы ҳаял-қызлар тәрепинен берилетуғын жәрдемлерге тоқталады [8: 52-55].

Көрсетилген бул изертлеўшилер дәстүрий турақ жайлар ҳәм оның трансформациясы, турақ жай қурылысындағы жәрдем мәселелериниң изертлениўлерине дыққат қаратады. Бунда, қарақалпақлар турмысында турақ жайларға байланыслы берилетуғын саўғалар ҳәм оның түрлери ҳаққындағы изертлеўлерге тоқталмайды.

Ҳәр қандай жас шаңарақ ушын ең биринши зәрүрлик бул-баспана есапланады. Таза жайдың питкенлигин, қонныслы болғанлығын ел-журтқа билдириў мақсетинде кишигирим той ямаса шашыў сыяқлы мәресимди шөлкемлестиреди. Бүгинги күнде болса бундай мәресимлерди өткериў жүдә көп ушырасады. Әсиресе, таза үйге қоныс басып, жақынларын мийман етип қонаққа шақырғанында, жақынлары тәрепинен жаңаша көринистеги үрп, үйдиң ҳәр бир ханасына шоколад, ойыншықларды шашыў көринисинде “шашыў” пайда болмақта. Буннан тийкарғы мақсет, таза қоныс ямаса таза үйдиң иши қуўанышлы, мазалы демлерге бай болсын деп шоколад таңланса, ойыншық ойнайтуғын перзент көп болғай деген мәнис түсиниледи. Информатор, З.Тилеўбаеваның келтириўинше: *«Қоныс жайларға биринши барып оң болсын айтыўға келгенлер, көбинесе ырымлап шашыўға нәрселер алып келеди. Ал, саўға сыпатында таза қоныс басып, таза өз алдына хожалық болып атырғанларға жақынлары, ағайин туўысқанлары қымбат буйымларды саўғаға алып келеди, гилем, холодильник, телевизор, үй-рузыгершилик буйымлары* [9]*»* деп келтирилиўи арқалы жай тойларында ақшалай берилетуғын саўғалардан тысқары басқада саўғалар көплеп алып келинетуғынлығын бақлаўымызға болады.

Жуўмақлап айтқанда, қарақалпақлар арасында өткерилетуғын ҳәр бир тойдың өз мазмун ҳәм мәниси бар. Олардың қатнасыўшылары болса, усы мәресимлердиң толық кеўилдегидей атқарылыўында тийкарғы рөлди атқарады. Әсиресе, жай тойларында берилетуғын саўғалар ырымлық көзқараста әмелге асырылса, базы саўға түрлери күнделикли зәрүрликти есапқа алып бериледи. Ал, базыда қаржылай саўға бериліўи арқалы, сол жас шаңарақтың финанслық жағдайы есапқа алынып жәрдем көринисиндеги берилетуғын саўғалар есапланады.

## ӘДЕБИЯТЛАР

1.Есбергенов Х. Поселения и жилища // Этнография каракалпаков XIX-начало XX века (Материалы исследования). Ташкент: Издательство Фан Узбекской ССР, 1980. 16-56-бб.

2.Жданко Т.А. Каракалпакии. –В кн.: Народы Средней Азии и Казахстана (Серия Народы Мира) 1962. т.1. с. 461-467.

3.Морозова А.С. Культура домашнего быта каракалпаков XX в. (к вопросу этногенеза) // дисс. на соиск. ученой степени кандидата исторических наук. Ташкент, 1954. с.58-98.

4.Тлеубергенова Н. Истоки традиционного деления внутреннего пространства юрты каракалпаков. // Вестник ККО АН РУз. 1996, №3. с. 93-100.

5.Тлеубергенова Н.А. Традиционное жилище каракалпаков XIX –начала XX вв. // АКД. Нукус, 1996.

6.Шалекенов У.Х. Жилище каракалпакского колхозного крестьянства. Краткие сообщение Института этнографии АН СССР. М.1957, в XXVIII. с. 47-54.

7.Хожаниязова Г.М. Қарақалпақларда «жай көмек» дәстүри// ӨзР ИАҚҚБ Хабаршысы. Нөкис, 2023. 66-70 бб.

8.Хожаниязова Г.М. Қарақалпақларда «жай көмек» дәстүринде ҳаял-қызлардың рөли. // «Қарақалпақстан аймағындағы мәдений мийрасларымыздың изертлениўи» атамасындағы илимий-әмелий конференция материаллары, 2022-жыл 18-апрель, Нөкис-2022. 50-52-бб.

9.Тәжетдинова Б.Н. Автордың дала жазыўлары, № 31, 2024. Информатор Нөкис қаласы турғыны, Замира Тулеўбаева.